Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 27 (7428)
16 Июль 2020 сон
Хамиз
adovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## РДялъул Правительствалъул пред. А. Здунов - районалда



7 июлалда хIалтIулаб сапаргун Унсоколо районалде щвана Дагъистан республикаялъул правительствалъул председатель Артем Здунов. Гьевгун цадахъ рукIана правительствалъул председателасул вице-премьер ГI-М. ГIабдулмуслимов, аграриябгун тIабигIаталдаса пайда босиялъул рахъалъ Халкъияб Собраниялъул комитеталъул пред. А. ГIалиева, РДялъул росдал магIишаталъул ва квана-гьекъолел жалазул рахъалъ министр А. ХIусейнов, Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов ва цогидалги.

Дагъистаналъул премьер-министрас ва цадахъ рукIараз лъай-хъвай гьабуна ГьаракIуни СПоКалда пихъал ва бахчабазул культураби хIалтIизариялъе ругел ресазулгун. Хал гьабулаго Абзагьир ХIусейновичас бицана 2020 соналда «ГьаракIуни» СПоКалъ хIалтIи гьабизе бугеб цех къачIаялъе бизнес-планалъул инвестиционнияб проект гьабун бугин. Гьелда гьоркьоре рачун ругин гьанжесеб цIияб технологиялъул I муб лъагIалие къуват бугеб оборудование босизеги. Проекталъулаб багьа ккана 50 млн. гъурущ, технологиялъулаб оборудованиялъухъ гьелдасан уна 44 млн. гъурущ. «Кооперативалъ хIисабалде босун буго грант хIисабалда материалияб база щулалъиялъе 30 млн. щвезе»,-ян бихьизабуна министрас. Гьеб мурадалда А. Здуновас тIадкъай кьуна заявкаялъухъ балагьулаго ва грантовияб кумек тIалаб гьабулаго, гьеб ва цогидабги инвест-реестр гIуцIулаго хIисабалде росейин хIалтIулал бакIазул къадар. Гьеб ишалда хурхун производство цебетIезабизе ва гIолохъанал гIадамазе хIалтIулал бакIал рукIинари мурад букIин бичIчIула, амма хIажатаб оборудование босизе ккола гьаб соналда жаниб,-ян тIадчIей гьабуна премьер-министрас.

Сапаралда делегациялъ лъай-хъвай гьабуна хIалтIи гьабулеб заводалъул къуваталъул. Гьениб хIисабалде босун буго хIалтIизе данде кколеб хIал букIинабизе. Гьединго гьалбал щвана Майданское росдал ахакьеги.

## Министралъулгун дандчIвай

I5 июлалда Дагъистаналъул культураялъул министр Зарема Бутаева хIалтIулаб сапаргун щвана Унсоколо районалде. Сапаралда Зарема Ажуевнаялда дандчIвана муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадов, бетIерасул заместителал ГI-М. МухIамадов, М. ХIамзатов, культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев, финансазул отделалъул нач. Ж. Шамсудинов, Унсоколо росдал бетIер ХI. ГIабдулаев, районалъул пресс-служба ва цогидалги.

Дагъистаналъул культураялъул министр Зарема Бутаевалъ хал гьабуна Унсоколо росулъ «Центр культуры» минаялъе капиталияб ремонт гьабулеб бугеб куцалъул. Гьеб уна «Культура» миллияб проекталде гьоркьобе.

Минаялъул хал гьабулаго гьелъ лъазаруна ремонтал гьарулаго къваригIунел жал ва проект гIумроялде бахъинаби кибе щун бугебали.

Бихьизабизин, ремонт гьабулаго хисана чердак, хIисабалде босун буго чIабар, гордал, нуцIби, рагьи хисизеги. Гьелъ цIияб нур бачIинабизеги буго минаялда ва жамагIаталъе рес букIине буго гьениб рекIелгъей гIуцIизе. Гьеб гуребги министр щвана росдал батIи-батIиял учреждениял-организацияздеги. Щвана централияб библиотекаялде, ХI. МухIамадовасул цIаралда бугеб искусствалъул школалде, М. Дахадаевасул цIаралда бугеб рагъулгун хIалтIулаб реццалъул музеялде.

Учреждениялгун организациязул хIалтIухъабазулгун гара-чIвари гьабулаго гьелда цере лъуна гIемерал масъалаби. Жиндирго



иргаялда З. Ажуевналъ рагIи кьуна гьел масъалаби тIуразариялъе кумек гьабилилан.

Росдал администрациялъул минаялда жаниб Зарема Ажуевналъ районалъел бетIер ГI. НурмухIамадовасе кьуна Грамота, гьединго культураялъул хIалтIухъабазе кьуна «За добросовестный труд, большой вклад сохранения развития многонациональной культуры Республики Дагестан»,-абурал ХIурматиял грамотаби.

Зарема Бутаева щвана «АхIулгохI» гIаммаб къисматалъул ва ракIалде щвеялул мемориалияб комплексалдеги.

Сапаралъул ахиралда Зарема Бутаевалъ ракI-ракIалъулаб баркала кьуна районалъул бетIерасе ва муниципалитеталъул гIадамазе рекIелгъеялъул хIалтIи гIуцIун бугеб куцалдаса разилъи загьир гьабуна.

## Унсоколо ва Хунзахъ районазул территориалиял суалал– ракълилаб куцалъ

Телефоналъ цоцахъеги кIалъан Унсоколо ва Хунзахъ районазул бутIруз лъазаруна кIиябго муниципалиял районазул территориалиял суалал рукIалиде ккезаризе хасаб комиссия гIуцIизе ккей. Гьедин ГI. НурмухIамадовасул тIадкъаялда рекъон кIиябго районалъул территориалиял суалал тIураялъе гIуцIана хасаб комиссия. Гьелъул членаллъун рукIана экономикиял суалазул рахъалъ бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдулхаликъов, «сельсовет Балаханский» гIуцIиялъул бетIер У. НурмухIамадов, «Ракьазул кадастровияб ва буголъиялъул ишазул рахъалъ» МКУялъул специалист М. МухIастанов, росдал магIишаталъул отделалъул специалист Н. ГIалиев.

КIиябго районалъул вакилзабазул дандчIвай букIана ГIарахъ магIарда, Унсоколо районалъул МокIсохъ ва Хунзахъ районалъул БуцIра росабазул гIорхъода. Хал гьабуна иш бугеб куцалъул ва кIиябго районалъул гIадамазул разилъиги букIунедухъ ракълида тIуразаруна суалал.

## ХIалтIулаб сапаргун

Гьал къоязда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов щвана Унсоколо росулъе, балагьана гьенир культураялъул Централда гьабулеб бугеб капиталияб ремонт унеб бугеб куцалъухъ. Гьевгун цадахъ рукIана заместитель М. ХIамзатов ва культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевги.

Унсоколо росдал культураялъул Централъул минаялда капиталияб ремонт гьабулеб буго «Культура» миллияб проект гIумроялде бахъинабиялъул рамкаялда жаниб. Гьениб гьабулеб хIалтIул качествалъе лъикIаб къимат кьуна ГI. НурмухIамадовас. Гьенибго бетIерас подрядчикал ахIана гьабулеб хIалтIи хехлъизабизе, гьеб щвалде щун гьабизе ва график цIунизе.

Гьенибго районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас ва Унсоколо росдал бетIер ХI. ГIабдулаевасги дандрана росулъ гьаризесел гIемерал хIалтIаби, гьездаго цадахъ лъел хIакъалъулъги бицана.

Дагъистан тIубанго бачIана коронавирусалда хурхун гIорхъи чIваялъул кIиабилеб этапалде ва хIадурлъулеб буго лъабабилеб этапалде рачIине. Гьелъул магIна ккола гьанже хIалтIизе лъугьине бегьулин 800 кв. м. щвезегIан площадь бугел кафеял, ресторанал, продовольственниял гурелги бича-хисиялъул бакIал, цо-цо лъай кьеялъул учреждениял, гьединго мажгиталгун храмалги.



# Рейд тIобитIана



Дагъал церегIан къоязда, «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул тIадкъаялда рекъон, районалда транспорталъул налог бакIари мурадалда тIобитIана ведомствабазда гьоркьосеб хIалтIулаб группаялъул рейд. Группаялда гъорлъ гIахьаллъана: судебниял приставазул хъулухъал, налогазул инспекциялъул хIалтIухъаби, ГИБДДялъул ва «Унсоколо район» МОялъул вакилзаби.

РакIалде щвезабизин, 9 июлалда муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул бетIерлъиялда къабул гьабун букIана план. Гьелъул мурадги букIана транспорталъул налогал кьечIел тIатинари ва гьеб бакIари. Гьеб къоялъ гьабураб хIалтIул хIасилалги лъикIал ккана.

# Спорталъул ветераназе гIарцулал сайгъатал



Гьал къоязда Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас Россиялъул Олимпиялъул комитеталъгун цадахъ РДялъул спорталъул министерствалъул гIарцулал премиял кьуна Унсоколо районалдаса спорталъул ветеранзе МухIамадов Сулейман МухIамадовичасе ва ГъазимухIамадов ГIадалав Жамалудиновичасе.

Муниципалитеталъул бетIерас гьединго гьезие кьуна «Унсоколо район» МОялда спорт ва физическияб культура цебетIезабиялъулъ лъураб кIудияб бутIаялъухъ»,-абурал Баркалаялъул кагътал. Церемониялде гIахьаллъана районалъул спорталъул ва туризмалъул отделалъул нач. А. МухIастанов ва отделалъул бетIерав специалист М. МухIамадов.

Гьел спорталъул ветераназул тIубараб гIумро бухьараб буго волейболалда, хадур гIолеб гIелалъе тарбия кьеялъул ишгун цадахъ гьез бачана тренировкаялъул хIалтIиги.

РФялъул Конституция

# Дица рахъ ккуна



Россиялда I июлалда тIобитIараб тIолгохалкъалъул рищиялъ (гьаракь кьеялъ) бихьизабуна I993 соналъ къабул гьабун букIараб Конституциялда хиса-басиял гьаризе кколел рукIин. Гьел ккола гIемерал гIалимзабиги, политикалги, юристалги, къадру-къимат бугел гIадамалги дандеделъун, киналго рахъалги данде рачун, лъутIа-къотIун, цойиде бачун, жакъасеб гIумроялде данде ккезабун, хIадурараб нилъер улкаялъул Аслияб Закон.

Россиялъул Президент В. В. Путиница ихтияр кьуна халкъалъухъе гьел аслиял, чара гьечIого хIажатал суалазул хиса-басиял гьаризе. Гьелъул хIасилалги нилъеда рихьана.

Цо-цояз абулеб букIана гьезул багьанаги батун, президентасул болжал халалъизабизе къваригIун гьабулеб рищиял (гьаракь кьей) ругин гьел,-ян. Гьедин гьабуниги В. Путинидаса лъикIав чи дида гьабсагIаталда гьеб бакIалде вихьулев гьечIо.

Улкаялда кколеб бокьараб квешаб иш президентасда хурхинабулеб буго цо-цояз. Чи какизе цIакъ бигьаяб жо буго, амма какилалде цебе цин живго щив чияли хал гьабизе ккола. Бищунго какдарулев чи ккола жинцаго щибниги пайдаги гьабуларев, сундулниги ургъелги гьечIев, «гIандал хва, гIурус хва»,-ян, жиндие жоги камугегиян вукIунев кIалбазар. ХIисаб гьабе цо гьадинаб мисалалъул: I999 соналда Болъихъ букIараб ахIвал-хIалалъул хал гьабизе вачIун вукIана В. В. Путин. Гьебги бихьун гьес абуна гьадинал рагIаби: «Жиндица цебе дагъистаниязул хIурмат гьабулаанин, гьанже жиндие гьел рокьулилан». КIиабилевги вачIана гьев Дагъистаналде, гьеб мехалъги бихьана гьесда Дагъистанги, дагъистаниялги ва нилъедехун лъикIаб бербалагьи буго. Халкъаздаса гьоркьосел террористазде данде нилъеца ва чачаназ бихьизабураб мисалалъ кьуна гьес нилъее тIадегIанаб къимат. Дир пикруялда Путин вуго яхIнамусги, чорхолъ къвакIиги, гьунармахщелги, бажариги бугев, кьураб рагIиги кколев, гIадамаздехун мугъчIвайги бугев, жиндехунго тIалабачилъиги цIикIкIарав инсан.

СССР биххарабго гIадин, цо-цоязе бокьун буго Россияги биххизабизе. Нилъеда бихьулеб буго гьеб къватIисанги гьединго жанисанги бахъулеб хIаракат букIин. Гьеб нилъедасаги лъикI лъала Путиница. Гьебги бичIчIун дагь-дагьккун гьес улка данде бачунебги буго.

Дица гIажаиблъи гьабула Ельцин вукIараб заманаялъ щуго-анлъго моцIалъ пенсияги харжалги кьолел рукIинчIеб мехалъ гIадамал руцIухIун чIун рукIана, гьесда кIалъазе кIолев чиги вукIинчIо. Гьанже Путинил сабруялдаги гьесул хIалимлъиялдаги ракIги чIун гьесде гъегъ балелги камулел гьечIо. Гьале цоги мисал. Гьаб дунялалдаго тIибитIараб коронавирусалъул унти бугеб мехалъ бижана хабар гьеб унти бугеб жо гурин, гьеб бугин Путиница ургъунго гIарац бикъизе биччараб хабарилан. Дагъистанияз харбазде божун кватIун байбихьана унтуде данде рагъ гьабизе, гьелъ нилъее гIемерал камиялги ккана. Нилъеда бихьулеб буго дуняладалдаго бугеб ахIвал-хIал, ресалде рачIанагIан рухIияб рахъалъ загIиплъулеб букIин. Дида ракIалде ккола гьал алигархал дунялалда рукIаго, чIара-хьараб хIал букIинарин ракьалда,-ян. Щайгурелъул гьезда кIолеб бугелъул гIарацги кьун бокьараб пачалихъалда гIадамалги ричун росун багъа-бачариял гIуцIизе. Гьедин Америкаялъ ричун росун нилъер тIалъиялъ биххизабуна доб гучабин абулеб букIараб СССР. Нилъерго ВатIанги бокьуларел, сундулниги ургъелги гьечIел цIогьазги, бандитазги, гьезулъ рекъарал пачалихъиял идарабазда хIалтIулел ругел цо-цоязги гьабулеб буго улкаялда багъа-бачариял. Гьеб бихьулеб буго гIун бачIунеб гIелалда. Гьезулги пикраби хисулел руго. Кинабго битIа-бишун бачIуна жиндирго бакIалда ракI бацIцIадго, ритIухълъиялда хIалтIулев вугони.Нилъго лъикI рихьун, цогидал какун нилъ церехун инаро. БукIинеселде хьулги лъун, гьалатIалги ритIизарулаго, цоцазул адаб-хатирги гьабун, цоцазухъги гIенеккун, битIарабги тIекъабги цоцалъа бахъун хIалтIизе нилъ лъугьани, мекъи кколареблъи хIакъаб жо буго.

Рецциги, щукруги Аллагьасе нилъ гьадин хьихьарав! Хъулухъазе гIоло къеркьечIого, живго цогидаздаса тIадегIан вихьичIого, буголъи тIадегIан лъечIого гIумро гьабизе къуват кьеги нилъее жив-живасе Аллагьас!

**С. МУХIАМАДОВ.**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 27 (7428)
Хамиз
16 июль 2020 сон

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере



## Министерство по национальной политике и делам религий Республики Дагестан объявляет о приеме заявок на конкурс грантовой поддержки проектов институтов гражданского общества, направленных на противодействие идеологии терроризма

В рамках реализации государственной программы Республики Дагестан «Комплексная программа противодействия идеологии терроризма в Республике Дагестан» Министерство по национальной политике и делам религий Республики Дагестан объявляет о приеме с 8 июля по 7 августа 2020 года заявок на поддержку деятельности общественных, некоммерческих организаций и движений, занимающихся проблемами противодействия идеологии терроризма и последовательно выступающих за укрепление российской государственности, стимулирование разработок проектов и программ институтов гражданского общества и религиозных организаций, направленных на духовно-нравственное и патриотическое воспитание, формирование здорового образа жизни детей и молодежи (далее – Конкурс).

Общий размер грантов составляет 550 тыс. рублей, пять грантов по 110 тыс. рублей.

К участию в Конкурсе допускаются общественные, некоммерческие и религиозные организации и движения, зарегистрированные на территории Российской Федерации и осуществляющие деятельность в Республике Дагестан. Не допускаются к участию в Конкурсе: политические партии и физические лица.

Одна некоммерческая организация вправе представить не более одной заявки на участие в Конкурсе.

Направлениями Конкурса являются:
- информационное противодействие идеологии экстремизма и терроризма;
- просветительская деятельность, направленная на противодействие идеологии экстремизма и терроризма среди граждан;
- духовно-нравственное и патриотическое воспитание молодежи и детей в духе национальной и религиозной терпимости, неприятия идеологии экстремизма и терроризма.

Критериями конкурсного отбора являются:
- соответствие представленного проекта объявленной тематике и условиям Конкурса;
- соответствие проекта направлениям Конкурса;
- социальная значимость проекта;
- детальная проработанность проекта;
- достижимость результатов проекта;
- обоснованность запрашиваемых в заявке средств на реализацию проекта.

Для участия в Конкурсе соискатель гранта подает в Министерство по национальной политике и делам религий Республики Дагестан соответствующий проект по форме согласно приложению.

Заявки на участие в Конкурсе принимаются по адресу:
367000, г. Махачкала, пр. Р. Гамзатова, д. 1,
Министерство по национальной политике и делам религий Республики Дагестан. Контактные телефоны: 8 (8722) 67 18 29, а также в электронном виде на адрес электронной почты:
grant antiterror 2020min nacrd @mail.ru .

# Уважаемая молодежь, Унцукульского района!

Министерство по делам молодежи Республики Дагестан сообщает, что с 10 по 26 августа 2020 г. в режиме онлайн пройдет Северо-Кавказский молодежный Форум «Машук-2020».

Северо–Кавказский молодежный Форум «Машук-2020» - социально-образовательный проект, направленный на выявление и поддержку инициатив активных молодых граждан и проектных команд Северо-Кавказского федерального округа в области экономики, права, политики, журналистики, науки, инноваций, информационных технологий, гражданского общества, искусства, культуры, добровольчества и здорового образа жизни.

Цель проведения Форума – интеграция активных молодых людей и перспективных проектных команд в процесс решения наиболее актуальных социально-экономических и общественно-политических задач Северо-Кавказского федерального округа и Российской Федерации в целом.

Участники Форума-молодежь в возрасте от 18 до 30 лет.

Регистрация для участия в форуме доступна до 15 июля 2020 года.

Чтобы стать участником Форума необходимо пройти регистрацию в автоматизированной информационной системе «Молодежь России» https://myrosmol.ru/, в разделе «Мероприятия» выбрать «Северо-Кавказский молодежный Форум «Машук-2020»» и выполнить условия регистрации.

Дополнительную информацию можно получить по телефону 8(928)677-84-77 – начальник отдела по делам молодежи, спорта и туризма Унцукульского района Ахмед Мухастанов.

## Республика Дагестан глава муниципального образования «сельсовет Унцукульский»

Индекс 368940 с. Унцукуль пл. им. М. Дахадаева тел 55 61 61

От 06 июля 23020 г. № 06

Руководствуясь правилами проведения конкурса или аукциона на право заключения договоров аренды, договоров пользования, договоров управления имуществом, иных договоров, предусматривающих переход прав в отношении государственного или муниципального имущества, утвержденными приказом Федеральной антимонопольной службы РФ от 10.02.2010 г. № 67

1. Провести открытый аукцион на право заключения договоров аренды муниципального имущества – земли промышленности, энергетики, транспорта, связи, радиовещания, телевидения, информатики, площадью 3305 кв. м.

2. Утвердить:

1) извещение о проведении аукциона на право заключения договоров аренды муниципального имущества – земли промышленности, энергетики, транспорта, связи, радиовещания, телевидения, информатики, площадью 3305 кв. м.

2) документацию об аукционе на право заключения договоров аренды муниципального имущества - земли промышленности, энергетики, транспорта, связи, радиовещания, телевидения, информатики, площадью 3305 кв. м. (приложение № 2)

3) заместитель главы МО «сельсовет Унцукульский» Гамзатову М. А. ответственного за осуществлением муниципального земельного контроля на всей территории МО «сельсовет Унцукульский» организовать размещения о проведении аукциона и документации об аукционе на сайте untsukuIadm@maiI.ru; и в районной газете «Садовод».

4) контроль над выполнением данного распоряжения оставляю за собой.

**Глава МО «сельсовет Унцукульский»**
**Х. АБДУЛАЕВ.**

# Извещение о предоставлении земельного участка в аренду

В соответствии со статьей 39.18 земельного кодекса РФ, администрации МО «сельсовет Унцукульский»в лице зам. главы МО Гамзатова М. А. сообщает о возможности предоставления в аренду земельного участка для организации дорожного сервиса.

Граждане, заинтересованные в предоставлении земельного участка для указанных целей в течение тридцати дней со дня опубликования настоящего извещения в праве подавать заявления договора аренды земельного участка.

Заявления можно подавать с 06,07,2020 г. по 06.08.2020 года (включительно) а администрации МО «сельсовет Унцукульский» по адресу: РД, Унцукульский район, с. Унцукуль, пл. им. М. Дахадаева 1.

Способ подачи заявлений: заявления подаются или направляются заинтересованным лицом по выбору – лично, или посредством почтовой связи на бумажном носителе, либо в форме электронных документов с использованием информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

Описания земельного участка: кадастровый номер 05:35: 000000:154, площадь 3305 кв. м., категория земли – земли промышленности, энергетики, транспорта, связи, радиовещания, телевидения, информатики, местоположение: Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Унцукуль.

Арендная стоимость, установленная ООО «Институт профессиональной оценки» - 12000 руб. в год.

Справки по телефону; 89882907441.

**Глава МО «сельсовет Унцукульский»**
**Х. АБДУЛАЕВ.**



# Поэзиялъул гьумер

(РагIи - гIолилазе)



## Эбел-эмен

Эмен дур лугбузда херлъиги кIутIун
КIутIи захIмалъана гьаб дир ракIалъе,
ЧIегIерал расазулъ гIазуги бетун,
ЦIорой тIибитIана дир керемалда.
Сабурал беразулъ гIолохъанлъиялъ
Беролеб букIараб кунчIи киб араб?
ГIазизаб черхалъулъ залимаб къуват,
Гьелчолеб букIараб кибе тIагIараб?
Эбел, дур гьурмада рукIкIелабазул
Мухъ гIемерлъанагIан гьаглъулей йиго,
ХIасратай, унтабаз мун кIвекIулелъул
Гьинал ракIги ссудун сабру хун йиго.
РекIел тIинуялда цIа рекIаниги
Гьурмалъ гьими свинчIей, хирияй эбел,
Унтаби гIемерлъун тату хваниги
Дий гьумер букIкIинчIей, сабурай эбел.
Аллагь дур хIукмуги, дурго къадарги
Жив-живасе кьураб хасаб къисматги
Къабулаб дугIадуй аминги данде чIван
Халат гьабе гIумро, нижер улбузе!

## Ахирзаман

ЧIичIиди чIалгIараб чIухIи цIикIкIараб
ГIажаибаб заман щун буго тIаде,
Рохел рикIкIунареб магIу беццараб
ХIикматаб мех бугин, цIодорго рукIа!
ЦIвабзазул хIал хвараб, моцIрол нур свараб
ТIабигIат чIван буго гьанже халкъалда,
Бакъул кунчIиялъе рецц гьабулареб
ХъачIлъи лъугьун бугин, гьабго щиб хIикмат.
Яц-вац цIехолареб, улбул кIочараб
ЦIияб гIасруялъул хасиятищ гьаб,
Яги гIасрабаца ислам цIунарал
Умумал кIочендал ккараб хIасилищ?
Щокъал унтичIезда ричIчIунгутIиялъ,
ГIолилал херазда гурхIунгутIиялъ
Мискин бечедасда хIакъирлъун вихьун
Жив-живасда живго кIодолъун вихьун.
Ятим янгъизлъиялъ гIодогIанлъараб
ЦIогьол хIал лъаларев гIабдаллъун ккараб,
ХIакъ бокьуларезе рогьо гIемераб
ТIухьдузда бицараб ахирзамана.



## Диего насихIат

Гьаб дуниял цIураб нигIмат кьуниги
Дур бер гIорцIиледухъ мун бечелъанищ?
ХIалхьиги рахIатги къойил щваниги,
Гьелъий рецц гьабизе гIакъло дур гIолищ?
ЧIаго хьолбохъ ругел эбелгун-эмен,
Гьезул адаб цIунун аскIов вукIанищ?
Чангиязул гьечIел яцалгун-вацал
Кьварид гьаричIого тун бажаранищ?
ТIас йищун ячарай, хирияй лъади
Жавгьар-якъут гIадин дуца цIунарищ?
Чангиязе кьечIел гьайбатал лъимал,
Ясберлъун цIунизе гьунар дур гIолищ?
Какил сас рагIидал адабги цIунун,
КIалъачIого чIезе дур бажарулищ?
Гьеб ахIун лъугIидал мажгиталде ун,
ЖамагIатгун цадахъ как дуца балищ?
Аллагьас тIад лъурал фарзгун суннатал,
ТIаса рехичIого дуца тIуралищ?
ТIадегIанав Аллагь ритIухъги гьавун,
Шагьадатги битIун тавбу гьабулищ?
ТIаса бищизелъун нилъее кьураб,
ЛъикIабги квешабги батIа гьабулищ?
ТIаса бищаниги мун мекъса кколеб,
Квешлъи гIодоб тезе ияхI дур гIолищ?
Нагагь балагь щвани, гьалаглъичIого,
Рецц гьабун кIалъазе сабру дур гIолищ?
ГIакълуги къуватги цебеги гьабун
Цим нахъе тIамизе хIал дур бергьунищ?
ГIадилав Ханасул бацIцIадаб калам,
Къойилго цIализе мун гIедегIулищ?
ТIокI гьавун витIарав, хирияв ХIабиб
Кьварид гьавичIого чIун бажарулищ?
Умумазул нух ккун цеве унелъул,
Исламалда гьечIел гIадатал толищ?
ЦIияб гIасруялъул квешел гIадатал,
ГIадахъ росичIого гIодорго толищ?
Кинан бугониги тIаса жиб унеб
Дунял гIадахъ босун воре хьвадуге,
ГIадатазда рекъон дунялги гIуцIун
АхираталъулрукЪ мукъсан гьабуге.
Бицунейин гуро черхалъул гIамал
ГIамал загIиплъиялъ кIалъалей йиго,
Малъулейни гуро нуж киназдаго
Диего насихIат гьабулей йиго.

## Дир хIал

Чармил кьурабазда кIетIолеб гьури
Гьари бугин дуде дир рахъалдасан,
Гьогьаб гьаваялде тирулел цIумал,
ЦIун бугин ракI турун, бице бигьалъи.
МаркIачIулъ паркъолел зобазул цIваби,
ЦIар бице хIалалда, дир чорхолъ бугеб?
Сардида баккулеб зобазул парчахI,
Сабаб киса, бице, согIаб черхалъе.
Иманги дагьлъараб, намус бичараб,
Черхалда лъолеб цIар тIагIун буго дир.
Ничалъул хIал хвараб, Аллагь кIочараб,
РекIеда ццим бахъун, яхI хун буго дир.

**ПатIимат ГIАБДУЛАЕВА**
**Унсоколо росу.**

Дагьабго гьими

## Валенкаби

Хасалихъе мех букIана. Дунял квачан букIана, отопление жеги биччан букIинчIо. ГIашура кIудаэбелалъул квартираялъубги квачан букIана, гьелъулги бохдул цIоролел рукIана. КIудиялъ «хехаб кумек» ахIула, врачал рачIуна.
-Щиб ккараб?,-ян гьикъула гьез.
- Бох-квер квачан буго,-ян абула кIодоца.
Медиказул ццим бахъуна: киб бугониги чиясе кваш батизе бегьула, кIудиялъ абуни бохдул квачан ругилан гьанире ахIана,-ян рази гьечIого рукIана гьел. Амма хъвана рецепт.
Нахъияб къоялъ кIодо ана аптекаял де ва рецепт кьуна аптекарасухъе. Гьениб латын мацIалъ хъван батана «Валенкаби»,-абун.

## Даш-баш

Судалде витIула лъадуца рос васасе гьабулеб тамихI чуч гьабизе, судьясе даш-баш кьезе. Гьеб къоялъ чагъир гIорлъун чвахула гьесие. ТIад вуссана рос.
Лъадуца гьеда абулеб буго:
- Кьунищ?
-Кьуна…
-Босанищ?
- Босана…
- Рецц буго даш-башалъе,-ян абула лъадуца.
- Сундаса йохун йигей, бичIчIуларо, васасе срок кьуна ва жанив лъуна!

### ЛЪАЗАБИ

I999 соналъул 26 июналъ Шамильхъалаялъул СОШалъ ХIасанхIусейнов МухIамадхIажи ГIабдулхаликъовичасул цIаралда кьураб № А 26I9722 бугеб аттестат билун буго. Гьанжеялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 15. 07. 20 г. 17.40
фактически -18. 10 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.